*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№26 (60546) * 2020 с. * 24 июль * 6 зул-хIиджа * 1441 с. * рузман *

## Медицинаялъул хIалтIухъабазе сайгъатал

**I4 июлалда районалъул администрациялда тIобитIана унти багъарараб мехалда цебесеб кьерда рукIарал медицинаялъул хIалтIухъабазул районалъул бетIер Р. Малачиловасулгун дандчIвай.**

Гьеб байбихьарабго районалъул бетIерас ракI – ракIалъулаб баркала загьир гьабуна киналго медицинаялъул хIалтIухъабазе ва волонтеразе кIвахI гьечIого, свак лъачIого районалъул гIадамазул сахлъи цIуниялъе гIоло рорчIарал сардал – къоязухъ. Жакъа къимат кьезе бегьула гьабураб хIалтIуе, доб унти багъарараб мехалда гьабулеб хIалтIуе къимат кьезе нилъ регIун рукIинчIо, хIажат букIана сундухъго балагьичIого гIадамазул гIумро хвасар гьабизе. Байбихьуда гьеб унтуда данде гьаризе кколел тадбирал лъалел рукIинчIо, амма цонигияв нахъе къан чIечIо. киналго рекъон хIалтIун нилъеда гьеб унтуда дандечIей гьабизе бажарана, - ян бицана районалъул бетIер Р. Малачиловас. Радал 5 – 6 тIубараб мехалда районалъул больницаялде жаниве лъугьунеб мехалъ макьу теялъ ва свакалъ тату хварал гIолохъаби рихьараб мехалда бихьулеб букIана гьез кинабго къуват кьун, захIматалдаса хIинкъичIого гьабулеб бугеб хIалтIи.



Хадуб районалъул бетIер Р. Малачиловас байбихьана мустахIикъазе сайгъатал кьезе. Гьаниб абичIого гIоларо районалъул администрациялъул рахьалъ баркалаялъул кагътал ва гIарцулал сайгъатал кьезе руго 50 ялде гIагарун чиясе, гьезда гьоркьор руго медицинаялъул хIалтIухъаби, волонтерал, динияв церехъаби ва цIаялдаса цIуниялъул гIуцIиялъул хIалтIухъаби.

**Суратазда:** ДандчIваялда







## Баркула къурбаналъул байрам!

ХIурматиял районцоял!

РакI – ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб бугеб, исламалда бищунго тIадегIан гьабураб къурбан къоялъул байрам.

Къурбан къоялъул байрам буго рухIияб рацIцIалъи, тIабигIаталъул берцинлъи бихьизабулеб гIаламат.

Гьаб байрамалъ нилъеда малъула чIахIиязул адаб гьабизе, мискиназе кумек гьабизе, гIага – божаразул тIалаб гьабизе, гIун бачIунеб гIелалъулъ лъикIал гIамал – хасияталкуцазе.

Аллагьас нилъер киназулго гьабураб садакъаги, хьурал къурбаналги къабул гьареги, кIиябго рокъор рахIматал гьарза гьареги.

Гьарула киназего ракълилаб гIумро, сахлъи, талихI, хьизамаздаса рохел, лъикIаб щинаб ишалъулъ икъбал.



**Р. МАЛАЧИЛОВ**
**Хьаргаби районалъул бетIер**

*к сведению родителей и учащихся*

## Персонифицированное финансирование дополнительного образования

**В сентябре 2020 года в Республике Дагестан вводится система персонифицированного финансирования дополнительного образования для детей. Это значит, что теперь каждый ребенок не зависимо от финансового положения его семьи сможет заниматься, кроме школы, в кружках по интересам и спортивных секциях, которые выберет сам. Средства на обучение детей выделяет государство.**

### В чем заключается система персонифицированного финансирования дополнительных занятий?

· Основной принцип программы: собственный выбор ребенка. Ребенок вместе с родителями сам выбирает, где учиться, – и деньги следуют за ним!

· Обучаться вне школы получает возможность каждый ребенок в регионе, не зависимо от социального статуса семьи и ее финансового положения.

· Дети занимаются с профессиональными преподавателями и в лучших кружках и секциях, которые им действительно интересны.

### Как оплачивать кружки и секции с помощью бюджетных средств?

· Родители регистрируются на сайте Навигатора дополнительного образования https://p05.навигатор.дети/profile/info;

· В каталоге Навигатора родители выбирают занятия и записывают ребенка на обучение;

· Детям, зачисленным на занятия, автоматически выдается Сертификат персонифицированного финансирования с определенной суммой денег;

· Ребенок посещает занятия, и оплата за обучение списывается со счета Сертификата.

### Что такое Сертификат персонифицированного финансирования?

Сертификат – это именной электронный документ, который позволяет ребенку обучаться дополнительно, вне школы, за счет средств, выделенных государством. Все данные о Сертификате – срок действия, остаток средств на счете, списания – находятся на сайте Навигатора дополнительного образования https://p05.навигатор.дети/profile/info в Личном кабинете пользователей.

Средства, которые дает Сертификат, можно потратить только на дополнительное обучение детей и только через Портал допобразования. Деньги нельзя потратить на другие цели и нельзя обналичить. При этом в выборе занятий дети не ограничены.

Система финансирования дополнительных занятий открывает всем детям нашего региона возможность расти и развиваться в тех направлениях, которые им интересны. Благодаря новой системе учиться смогут и дети, ранее по семейным обстоятельствам никогда не посещавшие дополнительные занятия. В свою очередь кружки и секции, чтобы быть востребованными, будут привлекать к работе лучших специалистов и в целом повышать качество обучения.

**Качественное дополнительное обучение доступно всем!**

*дин ва гIумру*

# ГIАРАФА КЪО



**ЗулхIижалъул ичIабилеб къо ккола ГIарафа къо. Гьеб къоялъ гьабураб лъикIлъиялъухъ чанго нухалда цIикIкIун кири щолин абула. ХIакъикъаталдаги гьеб къоялъул тIадегIанлъи гIицIго Аллагьасда гурони лъаларо. ЛъикIлъиго гIадин, гьеб къоялъ гьабураб квешаб гIамалги чанго нухалъ кIодо гьабун хъвала. Гьединлъидал бищун цIодорав чи вуго гьеб къо гIибадаттIагIаталда ва Аллагъасе дугIа-алхIам гьабун тIобитIарав.**

Гьеб къоялъ кIал кквезе суннатаб буго. Муслимица бицараб кьучIаб хIадисалда буго: **«Аварагасда (с. т. гI. в.) цIеханила гIарафа къоялъ кIал кквеялъул хIакъалъулъ ва аварагас (с. т. гI. в.) абунила: «Гьеб кьоялъ кIал ккурав чиясул араб соналъулги бачIине бугелъулги мунагьал чурула»**, - ян.

Гьединго Байгьакъияс ва ТIабараनияс ГIаишатидасан бицараб хIадисалдаги буго: «ГIаишатица Масрукъида абуна: «Ва , Масрукъ, дуда рагIичIищ аварагас (с. т. гI. в.) гIарафа къоялъ кIал кквей азарго батIияб къоялъ кIал кквеялда бащадаблъун гьабураблъи». Гьединго имам Рамалияс гьедун абун буго: **«ГIарафа къоялъ кIал кквеялъ кIиго соналъул кIудиялги гьитIиналги мунагьал чурула»**, - ян. Амма гIадамазда гьоркьор ругел мунагьал абуни, гьел тIаса лъугьиналдалъун гурони тIаса кколаро. ХIежалда вугев чиясе суннатаб буго гьеб къоялъ, гIарафа магIарда гьабулеб гIибадаталъе хIал – къуват букIинелъун кIал кквечIого тезе.

ГIарафа магIарда бугеб данделъи ккола лъагIалида жаниб цо нухалъ гьабулеб, дунялалдаго бищун кIудияб бусурбабазул данделъи. Гьенир данделъула дунялалдаго бищун гIемерал вализаби, будалаал, акътIабал, автадал, сидикъунал, гIалимзаби ва гьел гурелги. Гьенир рештIуна Аллагьасул киданиги цоги бакIалда рештIунарел рахIматал, нигIматал, баркатал.

Хирияб хIадисалда буго: **«ГIарафа къоялъгIан хIакъирго, инжитго, нахъегIанаб хIалалда шайтIан, Бадруялъул къоялъ гурони, кидаго бихьичIила. Гьебги, гьеб къоялъ бусурбабазде рештIунел рахIматалги ТIадегIанав Аллагьас гьезул чурулел чIахIи-чIахIиял мунагьалги рихьун».**

ГIарафа магIарда чIеялъул хиралъи бицун рачIарал хIадисал цIакъго гIемерал руго. Насаияс бицана: «Цониги къо гьечIо ГIарафа къоялъ гIадин Аллагьас лагъзалги гъаравашалги жужахIалдаса гIемер тархъулеб».

Къасиялдехун ГIарафа къоялъ ТIадегIанав Аллагь ГIарафаялъул агьлуялдаса чIухIула ва малаикзабазда абула: «Балагьея нуж гьал Дир лагъзaдерихъ, расги букIкI - букIкIун, хIурулги цIун Дихъе рачIарал». ГIарафа къоялъ жиндир мацIги, гIинги, берги цIунарав чиясул ГIарафа къоялдаса хадусеб ГIарафа къо бачIинегIан гьарурал мунагьал чурула.

Гьеб къоялъ дагьаб кьунги садакъа кьезеги цIакъго-цIакъ суннатаб ва хирияб буго.

**"Ас- салам" газеталдаса босараб**

# МИЛЛИЯБ ПРОЕКТ «ДИР ДАГЪИСТАН - ДИР НУХАЛ»

**Республикаялъул бетIер В. Васильевасул жигаралдалъун хIалтIизе лъугьараб «Дир Дагъистан - дир нухал» миллияб проекталда рекъон нилъер районалъул росабалъ тIад ран унел руго къватIал къачIаялъул хIалтIаби. Гьениб аслияб кIвар кьолеб буго гьарулел хIалтIабазул качествоялде ва болжалазде. Киса – кирего рес бугел бакIаздасан росабазул къватIал гIатIид гьарулел руго, хIалтIизабулеб буго хасаб техника.**





## Хьаргаби

Хьаргаби росдал «Асалъарахъ» авалалда тIад ран унел руго нухал къачIаялъул, хадурккун гьенибе бетон тIезе хIалтIаби гьари. Гьел хIалтIаби гьарулел руго тендер бергьараб ООО «ГУЛАДА» гIуцIиялъ, нухмалъулев М. ТIагьиров. Гьеб гIуцIигун къотIи – къай хъвана 1 июлалда, 30 къоялъул болжалалда ремонталъулал хIалтIаби лъугIизаризе. Гьелда рекъон нухал къачIаялъул хIалтIаби гьаризе ккола 1000 квадратияб метралда ва 100 квадратияб метралде тIезе ккола бетон.

Жакъа къоялде хIалтIаби тIад ран унел руго.



ХIисабалде босун буго 1570 квадратияб метралъул халалъиялда ремонталъулал хIалтIаби гьаризе, цо къадаралда хъилги тIезе. ХIалтIаби гьарулел руго тендер бергьараб ООО «ЖКХ» гIуцIиялъ, нухмалъулев ХI. ХIамзатов. ХIалтIаби рагIалде рахъинаризе ккола цо моцIрол болжалалда.

## КIикIуниб

КIикIуниб росулъ ремонталъулал хIалтIаби гьарулел руго росдал аслияб къватIалда.

## Хъвартихьуниб

Хъвартихьуниб росулъ бетон тIезегIан хIалтIаби гьарулел руго Школалъул цIаралда бугеб къотIноб. ГьабсагIаталда гьел гIатIид гьарулел руго, щулалъи цIикIкIиналъе нухазул рагIаллъаби бетон тIун къачIалел руго. Гьел хIалтIабазулъ жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго росдахъ ракI унтарал, рес бугел гIадамазги.

## МагIлиб

МагIлиб ремонталъулал хIалтIаби гьарулел руго ХI. Закаригаевасул цIаралда бугеб къватIалда. Гьениб гIатIидго хIалтIизабулеб буго хасаб техника. Гьарулел хIалтIабаздаса росуцоял разиго руго.

**Суратазда:**
Нухал къачIаялъул хIалтIаби



*тIерхьунарел цIваби*

**Исана 250 сон тIубала гIалим, шайих, философ, халкъалъул эркенлъиялъе гIоло хIаракатав къеркьохъан МухIамад Ярагъи гьавуралдаса.**



# ЩАЙИХАСУЛ ГЬИЖРА



«Я Аллагьасда, я илбисалда божуларев чиясухъа чияца гIуцIараб щущазабизе гурони бажаруларо. ГIуцIарухъанлъиялъул махщел гьесулъ букIунаро. Мурад гьесул цохIо букIуна жиндиего жо тIалаб гьаби ва щванщинаб жоялдаса мунпагIат боси. Жиндирго беццлъиялъ наслабазул пикру гьабун гьесухъа бажаруларо. Ургъелги гьесие гIицIго жиндирго букIуна.

Унго – унгояб Аллагьасде божиялъ хъамалчилъиялъе гуреб – бацIцIадаб нияталъе, гIадамал гуккулеб гуреб – къадрияб даран – базаралъе, камалабго бихизабиялде гуреб гIуцIарухъанлъиялде буссараб захIматалъе квербакъула...» - гьел рагIаби руго тIарикъаталъул нур МухIамад – апанди ал Ярагъиясул къалмил мацIалъ кагътида расарал.

ГIицIго бакъбаккул Кавказалдаго машгьурав диният хIаракатчи гуревги, гьев вукIана кIудияв гIалимги, гIакъилги ритIухълъиялдеги эркенлъиялдеги халкъал ахIулев чиги. Гьединлъидал МухIамад Ярагъияв гIадал гIадамал халкъалъе рокьулелги, гьеб гьезда божулебги ва гьезда хадуб гьеб унебги... Исламалъул байрахъалда гъоркь жамгIиябгун политикияб гIумруялъулъ шаргIияб кьучI щулалъиязабиялде буссараб, мугIрузул халкъазул багъа – бачариялъул рухIияв цевехъан (Дагъисаналъул ва Закавказьеялъул батIи – батIиял маданиялгун гIелмиял, мадрасазда гуманитариял гIелмабазул тIубараб курсги лъугIизабун) вахъана гьунар тIокIав мугIалимлъун, цIар арав гIалимлъунги ва гIелму цебетIезабурал машгьураздасан цоявлъунги.

Авалалда МухIамад – апандияс рикIкIунаанила магIарулал жиндирго рухIияб рахъ камил гьабиялъ рачине ругин эркенлъиялде ва ращалъиялде. Гьесда кколаанила зулмуялъукь вугес зулмучагIазе рекIелъго нагIанаги кьуни, гIумруялъул захIмалъабаздаса гьев пикрабалъ рикIкIадеги цIани, кидаго гьев пикрабалъ Аллагьгунги – зулмуялъул унти къинабизе кIолин гIадамасдайилан. Ай, гIадамал гьес ахIула тIадеялдаса тIаде хIалуцунеб миллияб ва социалияб зулмуялда рухIияб дандечIей гьабизе. ТIарикъаталъул муршидас рикIкIунаан тIарикъат цIи гьабизе ккoлин камилаб гIелмуялъул эркенлъи хирияб гIалимзабаца, гьес гьел мугIрузул цIумазда данде кколел руго. Унго – унголъунги суфизмалъул накъщубандияб агьлуялъул цевехъанас жиндир муридзаби щвалде щвараб ва гьваридаб лъаялъул чи гьечIони, гьел цохIо кваркьи бугеб хIинчIалда релълъунин абураб жо битIараблъун бихьула.

МухIамад – апандиясул Юхара – Ярагъалда букIараб мадрас дол соназ киса – кибего машгьураб букIана камилаб лъаялъул диният гIалимзаби лъадарулеб къебелъи хIисабалда. Гьенир цIалана Дагъистаналъул ва Чачаналъул рукIинесел имамзаби ГъазимухIамад ва Шамил. Жиндирго мугIалим Жамалудиница витIун гьев кIиявго гьениве щвараб заман букIуна сверухъ лъугьун бугеб ахIвал – хIалалъул асаралда гъоркь муридасул дунялалдехун бербалагьи гьабулеб вагIза – насихIатги кьучIдасанго хисараб заман. Гьев гьанже дагь- дагьккун гIагарлъулев вукIана захIмат – халкъалъул эркенлъиялъе гIоло зулмучагIазул кверщел тIагIинабизе ккани, таваккалаб, амма хIинкъи бугеб хIаркатчилъи хIажат бугин абураб пикруялде.

Мулла – МухIамадил вагIза – насихIатазулги малъа – хъваязулги хабар пиригIан хехго тIибитIула Дагъистаналда, батIи – батIияв росабалъа гIемерал халкъ бачIине лъугьуна Ярагъалде живго муршидги вихьизе гьесул рагIухъги гIенеккизе. Гьесул муридзабазул кьеразулъе лъугьарал гьезие Аллагьасул каламалъул, тIарикъаталъул ва шаригIаталъул дарсазда щолаанила кьучIаб лъай. Кьойидаса – кьойиде цIикIкIунеб букIанила Малла - МухIамадил муридзабазул къадар. Мадрасалъул мутагIилзаби хIикмалъизаруланила кидаго кIалалги ккун вагIза – насихIаталда вукIунев муршидас. ТIарикъаталъул шайих МухIамад ал Ярагъияс рахIму гьечIеб рагъ гьабулеб букIана мажусиял ва цогидал диназул гIаламаталги бакIалъулал гIадаталги исламалда жураялда дандеги гьелъие квербакъулезда дандеги. Гьединлъидалин гьазигъумекдерил ханасе рекIее гIолел рукIинчIелги жиндирго валияталда шайихас вагIза - насихIатал гьари. Амма ханасда рагьун гьесда данде вахъине кIоларо, халкъалда гьоркьов Ярагъалдаса шайих кIудияв къадруялда вукIиндалха.

1824 соналъ тIарикъаталъул балъголъи киназего тIатана. Бакъвараб харида рекIараб цIалъун росулъа росулъе лъугьун тIибитIана тIарикъат ва кватIичIого тIолабго Кюра округалъул халкъалда гьоркьоб гьелъ кIудияб багъа – бачариялда цебе букIунеб хIалуцин лъугьинабун букIана. ЗулмучагIаз кIвекIулел магIарулазул росабалъ тIарикъаталъул ва шаригIаталъул гIелмаби малъулел гIуцIаби гIемерлъулел рукIана, киса – кирего эркенлъиялъе гIоло кватIире рахъайин шайихасул ахIи бачIиналъухъ ралагьун яргъид гIуцIарал муридзабазул кьокьаби рукIана.

Пачалихъалъул кверщел кодосез хIалхьи толарев шайихас Сугъралъе гьижра гьабула, хIатта колониалияб зулмуялъ гьеб росулъги кьалбал риччан рукIаниги. Аллагьасе гIоло сапаралъ вахъарав мугьажирас гIумруялъул сухьмахъалъул ахиралдаги хIалхьиги хIинкъиги гьечIеб бакI гуро балагьулеб букIараб. Гьадинаб цо бицен буго магIарулазул. Хвалил бусада вугев инсуца васги аскIове ахIун гьесие васият гьабула жиб – жиб росулъ цо – цо хъала байин. ТIубараб гIумруялда жаниб лъабго росулъ хъала бан бахъуна инсул гIакьилаб каламалъул магIна бичIичIичIев васас. Инсуца абуралъул магIнайин абуни букIуна жиб – жиб росулъ кьо ккедал хъалалъун чIолев гьобол – гьудул кквейин абураб.

Дагъистаналдаги Чачаналдаги гъазаваталъул аслулъун вукIарав шайихасул гьединав гьобол – гьудуллъун Сугъралъ вукIана камилав бусурбанчи Риза – апанди.

- Ассаламу гIалайкум! – ан гIодобе биччараб гьаракьалъ росу рагIалда бугеб годекIанир кIудиял тIингъазулъе тIерхьун ганчIазда гIодор чIарал сугъулдерил харабазе салам кьола тIаде вачIарав нухлулас.

- ВагIалайкум салам! ЛъикI щварав, лъикIав нухлулав! Гьоболасдаса рохарал руго ниж, - ян годекIанир рукIараз цадахъ салам буссинабула.

**"... Баркала хириял диналъул вацал, нужеда Аллагьас баракат лъеги, - ян абуна шайихас бацIцIадаб магIарул мацIалъ, - дир чодаса гьирги бахъун гьеб биччан те, гьеб жанибе лъугьараб азбаралъул бетIергьанчиясда бала дица гьоболлъи".**

- Аллагьасул хъвай букIун буго гIемерал захIмалъабаздаги квалкваладаги гъорлъан дун нахъеги Бичасул баркат лъураб, гIелмуялъул цIваби Будал АхIмадилги, ШайтIан ГIабдулагьилги, Ибрагьим дибирасулги, МохIоса Дамаданилги, МагьдимухIамад апандиясулги, ШапигIхIажи апандиясулги, Оцу ГIумар апандиясулги, ГIабдурахIманхIажи апандиясулги, ГIабдулхIалим апандиясулги, Амирил ГIумариласулги улка – ракьалде щвезе...

Гьоболасул квералги росун хараби лъикIалан мехалъ гьев щивали ракIалде щоларого гIажаиблъун гьесухъ ралагьун хутIула.

- Дун гьикраялъ вачIарав Кюраялдаса Малла – МухIамад ккола. - ...

-Гьа – а... имам ГъазимухIамадил вакьад ...Гъумекиса Арслан – ханасул хIалгIаялда хъулухъалда вукIарав шайих. ГIабдурахIманхIажияс гIемер бицунаан нижеда жиндирго мугIалимасул хIакъалъулъ... Довищха мун вукIарав?

- Нижер магIарул гIадаталда рекъон бокьарасда гьоболлъи бай дуца. МагьдимухIамадги, ШапигIхIажиявги, ГIабдурахIманхIажиявги халваталда руго....

- Баркала хириял диналъул вацал, нужеда Аллагьас баракат лъеги, - ян абуна шайихас бацIцIадаб магIарул мацIалъ, - дир чодаса гьирги бахъун гьеб биччан те, гьеб жанибе лъугьараб азбаралъул бетIергьанчиясда бала дица гьоболлъи.

Лъицаялиго малъун битIараб гIадин, гьир бахъараб берцинаб гIала годекIанисан добехунги сверун, бикIкIун гьабураб ганчIил кIамуриялъул рагьарал кавабахъен гIадатияб цо минаялъул азбаралъубеги ун хIихIидизе лъугьана. Гьеб рагIидал кьватIиве векерун вачIарав багIарал кIаркьабазул васас чIолорхъоги ккун гIала жанисеб азбаралде бачун уна.

- Риза кин вугев? – ян цIехола васасда щайихасда цадахъ рачIарал росдал харабаз.

- Квеш гьечIо, хирияв гьобол вачIиналъухъ валагьун вуго. Рилълъа тIаде, - ян абула васас. Гьел гIатIидаб ганчIил болъудухъан кIиабилеб тIалаялде рахуна. Гьениб рагьараб рагъинув эхетун гьезда ватула кIигъуждулъаги гIебав, тIарцIабго хъахIаб мегежалъул, кIкIвараб ботIрода гIурччинаб чалма кьараб бухари лъурав, тIарикъаталъул гIаламатал тIад ругеб гIурччинаб ссугърал чухъаги ретIарав цо херав чи...

Росу рагIалда бугеб гIадатияб Риза апандиясул мина лъугьун букIана батIи – батIияб бакIалдаса диналъулги тIарикъаталъулги гIелму камилаб даражаялда лъазабизе бокьарал ракIарулеб бакI.

-Ассаламу гIалайкум, хIурматияв имам, - ян кIудияв адабалда кIалъала тIарикъаталъул шайих суннияв гIалимасда. – Цо дагьаб заман батиларищ дуда дур гIакълуялъулги кумекалъулги хIажалъи ккарав дие, гIумруялъул хутIарал къоял дур гьасда тIамизе нигатгун вачIун вугин дун? Дирги мугIалим Курдамиясул мутагIил хIисабалда дудехун бугеб адаб – хIурматги къабул гьабиларищ...?

- ВачIая, вачIая, щайихзабазулги щайих, мун вачIиналъухъ хал ккун, гIодов чIун гIезегIан мех букIана. Дида лъалаан... дун валагьун чIун вукIана. Дир рукъ гьеб дур рукъ буго. Дир хъизан – кулпат гьеб дурги хъизан - кулпат буго. ТIолго сугъулдерил жамагIат – гьеб дур хъизан буго. Гьанжеялдаса нахъе мун гьелъул бетIер вуго. Какил гIуж щвелелде ГIабдурахIманхIажиявги вачIина гьаниве...

Хадув кIудияв гIалим вахъарав, 1877 соналъ гъазаваталъ рахъарал гъазизабазе бетIерлъи гьабурав имам МухIамадхIажиясул эмен (Ярагъиясул мурид) шайих ГIабдурахIманхIажи Сугъуригас (гьаб дунялалда гьес 92 сон бана) кIудияб чIухIиялъулги баркалаялъулги асаргун гIемер бицунаанила жиндирго

*Ахир 4 аб. гьумералда*

*тIерхьунарел цIваби*

# ЩАЙИХАСУЛ ГЬИЖРА

*Байбихьи 3 аб. гьумералда*

рухIияв мугIалим МухIамад – апандиясулгун Юхари – Ярагъалда ккараб тIоцебесеб дандчIваялъул. Бичасул каламалъул битIараб магIна босизе лъаялде хьулгун гьениве вачIарав гьес Аллагьасул калам дурусго лъалев тIарикъаталъул шайихасул хIурматалда икрам гьабун бахъилелде дос берцинго абула гьесда.

- Мун вуго философияб лъаялъул гIолохъанчи. Дуе рес буго жеги цеве ине. Дуца тIарикъат билълъинабизе ккола шайих Шамилил кIудияб хIаракатчилъиялъул хIасилалда имаматалда гьорлъе унеб букIараб Авариялдаги Мичихичалъги (Ичкериялда). Гьеб хIурматияб ишалъул гIемерго цIикIкIун кIвар буго нахъиял диниял тадбираздаса. Мун вуго жив куцазе кколездасан гурев, жинца куцалезда гьоркьоса. А дурго нухккун! Нахъиял киналго нухаз цебе лъураб масъалаялдаса рикIкIад гьарула...

Сугъралъ Ярагъиясе батана унго – унголъунги баракатаб бакIлъун гуребги дунялалъул рокъоб ахирисеб рештIенлъунги гьениб гьабуна гьес кIудияб кIваралъул гIелмияб хIалтIиги, хъвана адабиял асаралги, гьабуна гIемераб вагIза – насихIатги. Гьениб хъван бахъана ва дурус гьабуна гьес гIумруялъго хъвалеб «Асар аш- шейх ал – Ярагъи» («Ярагъалдаса шайихасул асар») абураб тIехь. ГIемерал пайдаял малъа – хъваял гьаруна «ТамхIид ал гIилму» («ГIелмабазе цеберагIи») абураб тIехьалъул автор МагьдимухIамад Сугъуриясеги, «Адабул марзия» («ТIарикъаталъул адаб цIуни») абураб тIехьалъул автор Жамалудин Гъумукъиясеги.

КIудиял лъугьа – бахъиназдалъун бечедаб гIумруялъул 70 сон барав шайих 1840 соналъ Сугъралъ къадаралде щвана.

Шайих МухIамад Ярагъияв вукIана жиндир заманалъул Дагъистаналъул халкъазе чара гьечIевлъун вукIарав цевехъан. Апараглъуда вугев шайих хванин абураб хабаралъ жиндирго эркенлъиялъе гIоло рагъулел дагъистаниязулги чачаназулги ракIал къварилъараб дол къоялдаги, тIоцебе муридас имам ГъазимухIамадидаги гьесул мурид Шамилидаги шаригIатги тIибитIизабейин гъазаватги байбихьейин абураб къоялдаги гьоркьор, рагъда ругел магIарулазул къисматалъе кIвар бугел гIемерал лъугьа – бахъинал ккана.

Муршид МухIамад бину ИсмагIил ял Ярагъи вукъун вуго Сурхай - хан – II ва Кун – Буттайида аскIов. Живго ругьунлъарав архитектор Ахундилас шайихасул хабатIа бан буго берцинаб хъубаги...

Ярагъияв хун лъабабилеб сордоялъ гьесул кверкьовуде щола жиндирго вас ГIабдурахIмангун тIарикъаталъул шайих Жамалудин Гъумукъиявги, чIужу ПатIиматгун ва вас ГъазимухIамадгун имам Шамилги. Гьединго гьений йикIуна микьго сон барав вас хIасангун ва рос ГIабдулагь Алкъадариявгун муршидасул яс ХIафисатги. КIудияв шайих ахирисеб сапаралъ тIовитIизе рачIуна наибзабазул къукъаги шайихасул муридзаби- Дагъистаналъулги, чачаназулги, азербайжаназулги рухIиял церехъабиги. Дагъистаналдаги Чачаналдагиш шаригIаталъулги тIарикъаталъулги къучIлъун вукIарав жиндирго мугIалимасул хIурматалда гьесул ритIухъав магьзум хIапиз ГIабдурахIманхIажияс жиндирго васасе Шейх - МухIамад абураб цIар кьуна. Гьесул тухумалда гьабсагIатги руго гьеб цIар лъурал васал. Гьединго Сугъралъги, ЧIикIабги, Гъази – Гъумекибги тIибитIараб буго цойги - Ярагъи – Ярагъияв абураб цIарги.



Сугъралъ росо

# РУЗНАМА

## Рекомендуемая советом алимов Муфтията РД Для Гергебильского района республики Дагестан

## АВГУСТ

| Дата | Утрен-ний | Восход солнца | Обеде-нный | Аср | Вечер-ний | Ноч-ной |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 02:52 | 04:41 | 12:04 | 15:57 | 19:16 | 20:45 |
| 2 | 02:54 | 04:42 | 12:03 | 15:57 | 19:15 | 20:44 |
| 3 | 02:55 | 04:43 | 12:03 | 15:56 | 19:14 | 20:42 |
| 4 | 02:57 | 04:44 | 12:03 | 15:56 | 19:13 | 20:40 |
| 5 | 02:59 | 04:45 | 12:03 | 15:55 | 19:12 | 20:39 |
| 6 | 03:00 | 04:46 | 12:03 | 15:55 | 19:10 | 20:37 |
| 7 | 03:02 | 04:47 | 12:03 | 15:54 | 19:09 | 20:35 |
| 8 | 03:03 | 04:48 | 12:03 | 15:54 | 19:08 | 20:33 |
| 9 | 03:05 | 04:49 | 12:03 | 15:53 | 19:06 | 20:32 |
| 10 | 03:07 | 04:50 | 12:03 | 15:53 | 19:05 | 20:30 |
| 11 | 03:08 | 04:51 | 12:02 | 15:52 | 19:05 | 20:28 |
| 12 | 03:10 | 04:53 | 12:02 | 15:51 | 19:04 | 20:26 |
| 13 | 03:11 | 04:54 | 12:02 | 15:51 | 19:02 | 20:24 |
| 14 | 03:13 | 04:55 | 12:02 | 15:50 | 18:59 | 20:23 |
| 15 | 03:15 | 04:56 | 12:02 | 15:49 | 18:58 | 20:21 |
| 16 | 03:16 | 04:57 | 12:01 | 15:49 | 18:57 | 20:19 |
| 17 | 03:18 | 04:58 | 12:01 | 15:48 | 18:55 | 20:17 |
| 18 | 03:19 | 04:59 | 12:01 | 15:47 | 18:54 | 20:15 |
| 19 | 03:21 | 05:00 | 12:01 | 15:47 | 18:52 | 20:13 |
| 20 | 03:22 | 05:01 | 12:01 | 15:46 | 18:50 | 20:11 |
| 21 | 03:24 | 05:02 | 12:00 | 15:45 | 18:49 | 20:10 |
| 22 | 03:25 | 05:03 | 12:00 | 15:44 | 18:47 | 20:08 |
| 23 | 03:27 | 05:04 | 12:00 | 15:43 | 18:46 | 20:06 |
| 24 | 03:28 | 05:05 | 12:00 | 15:43 | 18:44 | 20:04 |
| 25 | 03:30 | 05:06 | 11:59 | 15:42 | 18:43 | 20:02 |
| 26 | 03:31 | 05:07 | 11:59 | 15:41 | 18:41 | 20:00 |
| 27 | 03:33 | 05:09 | 11:59 | 15:40 | 18:39 | 19:58 |
| 28 | 03:34 | 05:10 | 11:58 | 15:39 | 18:38 | 19:56 |
| 29 | 03:36 | 05:11 | 11:58 | 15:38 | 18:36 | 19:54 |
| 30 | 03:37 | 05:12 | 11:58 | 15:37 | 18:34 | 19:52 |
| 31 | 03:39 | 05:13 | 11:58 | 15:36 | 18:33 | 19:50 |

# ВНИМАНИЕ!

## МОШЕННИЧЕСТВА С БАНКОВСКИМИ КАРТАМИ

**Банковская карта - это инструмент для совершения платежей и доступа к наличным средствам на счёте, не требующий для этого присутствия в банке. Но простота использования банковских карт оставляет множество лазеек для мошенников.**

Чтобы не стать жертвой злоумышленников при пользовании банковскими картами необходимо придерживаться следующих правил:

- никому не сообщать пин-, CVC- или CVV- коды банковской карты и одноразовые пароли;
- в торговых точках, ресторанах и кафе все действия с банковской картой должны происходить в присутствии держателя карты. В противном случае мошенники могут получить реквизиты карты, либо сделать копию при помощи специальных устройств и использовать их в дальнейшем для изготовления подделки;
- в случае потери банковской карты немедленно позвонить в банк для блокировки - это поможет сохранить денежные средства;
- подключить услугу смс-информирование - это обеспечит контроль за проведением любых операций по карте. При получении смс о несанкционированном списании средств со счета, заблокировать карту;
- установить лимит выдачи денежных средств в сутки и за одну операцию (это можно сделать в отделении банка или удалённо - в интернет-банке). Мошенники не смогут воспользоваться сразу всей суммой, которая находится на карте;
- при вводе пин-кода прикрывать клавиатуру. Вводить пин-код быстрыми отработанными движениями - это поможет в случае, установки скрытых видеокамер мошенников;
- выбирать для пользования терминалы и банкоматы, которые расположены непосредственно в отделениях банка или других охраняемых учреждениях;
- использовать банковскую карту в торговых точках, не вызывающих подозрений;
- перед тем как вставить карту в картоприемник внимательно осмотреть банкомат на предмет наличия подозрительных устройств, проверить, надежно ли они закреплены. Если очевидно, что накладное устройство смонтировано кустарно (можно увидеть остатки клея, ненадежность конструкции и неравномерность крепления), то необходимо позвонить на горячую линию банка, сообщить о данном факте и воспользоваться другим банкоматом;
- в случае некорректной работы банкомата - если он долгое время находится в режиме ожидания или самопроизвольно перезагружается - рекомендуется отказаться от его использования. Велика вероятность того, что он перепрограммирован злоумышленниками.

**ОМВД России по Гергебильскому району.**

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидал баянazул жаваб кьола авторaз.
Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.
*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо». Ж. Сервантес*

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать 23 июль 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00